QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

QORAQALPOG'ISTON
RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI
VAZIRLIGI

Nókis q. A.Dosnazarov k. 62 úy, 0 (361) 222-24-37, 222-24-63, faks: 226-52-47
**web-site: http://kkedu.uz, e-mail: qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz**

«20» декабрь **2021-жыл** 03-03/1-5711 **-санлы**

**Нөкис қалалық ҳалық**
**билимлендириў бөлими баслығы**
**П.Ақназаровқа**

Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик министрлигиниң 2021-жыл 15-декабрдеги 8/2-8/348-санлы хатына муўапық Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2019-жыл 9-январдағы "Жәмийетте ҳуқуқый сана ҳәм ҳуқуқый мәдениятты жоқарылатыў системасын түп-тийкарынан жетилистириў ҳаққында"ғы 5618-санлы Пәрманына тийкар, Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң Юридика факультети студент жаслары ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Юридика техникумы оқыўшыдарынан ибарат кеўилли үгит-насиятшылар топары дүзилген.

Сонлықтан, Президент Пәрманының нәтийжели орынланыўын тәмийнлеў мақсетиндеүгит-нәсият реже-графигин ислеп шығып, **усы жыл 20-декабрь** күнине шекем мағлыўмат бериўиңизди сораймыз.

**Косымша:** *ҚР Әдиллик министрлигиниң 15.12.2021ж.8/2-8/348-санлы хаты.*

**Министр орынбасары** **Ш.Тажимуратов**

Орынлаўшы: О.Хабибуллаев
Тел. (61) 222-24-29

Электрон рақамли имзо орқали тасдиқланган, ҳужжат коди: II26323083

**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ ÁDILLIK MINISTRLIGI**
**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ ÁDILLIK MINISTRLIGI**
230102, Nókis qalası, Ózbekstan gúzarı, 60-"A" jay, tel: (55) 101 10 08
www.qoraqalpoq.adliya.uz, el.pochta: adillik.kr@exat.uz,
qoraqalpoq@adliya.uz

**2021-jıl 15-dekabr 8/2-8/348-san**

**Qaraqalpaqstan Respublikası**
**Xalıq bilimlendiriw ministrligi**

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 3666-sanlı Qararı menen tastıyıqlanǵan "Ózbekstan Respublikası Ádillik ministrligi haqqında"ǵı Rejege kóre, Ádillik uyımlarınıń tiykarǵı wazıypalarınan biri etip, huqıqıy úgit-násiyat jumısların alıp barıw, mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń huqıqıy úgit-násiyat tarawındaǵı jumısların muwapıqlastırıw wazıypası belgilengen.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 9-yanvardaǵı "Jámiyette huqıqıy sana hám huqıqıy mádeniyattı joqarılatıw sistemasın túp-tiykarınan jetilistiriw haqqında"ǵı 5618-sanlı Pármanına tiykar, Qaraqalpaq mámleketlik universitetiniń Yuridika fakulteti student jasları hám Qaraqalpaqstan Respublikası Yuridika texnikumı oqıwshılarınan ibarat kewilli úgit-násiyatshılar toparı dúzilgen.

Usı Párman menen, "Street law" joybarı sheńberinde kewilli úgit-násiyatshılar tárepinen mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri tárbiyalanıwshıları hámde ulıwma bilim beriw mektepleri oqıwshıları ushın oqıw-shınıǵıwların alıp barıw wazıypası belgilengen.

Búgingi kúnde usı topar aǵzaları tárepinen tiyisli úgit-násiyat ilajların ámelge asırıw barısında mashqalalı jaǵdaylar ushıramaqta.

Joqarıdaǵılardı esapqa alǵan halda hámde Prezident Pármanınıń nátiyjeli orınlanıwın támiynlew ushın:

- Nókis qalasındaǵı barlıq ulıwma bilim beriw mekteplerine kórsetpe beriwińizdi;

- Ádillik ministrligi menen usı baǵdarda turaqlı birge islesiw ushın juwapker shaxstı bekitiwińizdi;

- úgit-násiyat ilajların sistemalı ráwishte barlıq ulıwma bilim beriw mekteplerinde maqsetli hám mánzilli ótkeriw ushın Siz basshılıq etip atırǵan ministrlik tárepinen úgit-násiyat reje-grafigin islep shıǵıwıńızdı hámde ámelge asırılǵan jumıslar haqqında usı jıldıń 20-dekabr sánesine maǵlıwmat beriwińizdi soraymız.

**Ministr** **S.Mambetkadırov**

Orınlawshı: N.Qutlımuratova
Telefon: 55 101-97-32